

## BAB IV

### DÉSKRIPSI JEUNG HASIL ANALISIS PANALUNGTIKAN

#### 4.1 Léngkah-léngkah Modél CIRC dina Pangajaran Nulis Éséy

Léngkah-léngkah modél CIRC dina pangajaran nulis éséy dipedar saperti ieu di handap.

##### 1) Tahap Ngararancang

Ilaharna tahap ngararancang pikeun tiap kagiatan ngajar-diajar tangtuna nyusun *Rencana Pelaksanaan Pengajaran* atawa RPP. RPP lir ibarat kompas nu nangtukeun rék dibawa kamana prosés kagiatan ngajar-diajar nu bakal dilaksanakeun. RPP medar prosedur pangajaran ti awal pangajaran nepi ka ahir kaasup udagan naon waé nu hayang dihontal tina éta kagiatan. Najan kitu, guru miboga hak pikeun ngarobah téknis lumangsungna diajar gumantung kana kaayaan nu keur lumangsung. Sacara gembheng, RPP pikeun kagiatan nu bakal dilaksanakeun aya dina lampiran.

##### 2) Tahap Prosés

Tahap prosés minangka tahap inti dina kagiatan diajar-ngajar nu nyoko kana RPP nu geus disusun dina tahap saméméhna. Ieu tahap bisa diwincik jadi sababaraha kagiatan saperti ieu di handap.

##### a) Kagiatan Awal

Dina kagiatan awal pangajaran, ilaharna guru ngamimitian atawa muka pangajaran ku ngucapkeun salam jeung mariksa kahadiran siswa. Sabada guru bisa mastikeun yén siswa geus bisa museurkeun paniténa, guru neruskeun kana nepikeun udagan jeung program kagiatan nu bakal dilaksanakeun. Éta pedaran ngeunaan udagan jeung program kagiatan téh dideudeul ku apersepsi ngeunaan pangajaran dina éta program. Ieu kagiatan awal tuluy dipungkas ku ngondisikeun siswa pikeun diskusi nya éta ngabagi siswa kana sababaraha kelompok nu geus ditangtukeun saméméhna.

#### b) Kegiatan Inti

Kegiatan inti saéstuna jadi puseur tina sakabéh runtuyan kagiatan diajar-ngajar. Ieu prosés jadi acuan utama dina nangtukeun suksés-henteuna ieu kagiatan. Ieu kagiatan bisa diwincik deui jadi sababaraha runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

##### (a) Éksplorasi

Dina ieu tahap, siswa diperedih pikeun nangtukeun ciri-ciri éséy dumasar kana conto nu ditepikeun ku guru. Sabada siswa paham kana ciri-cirina, diteruskeun kana nangtukeun topik éséy nu rék ditulis. Topikna sorangan ditangtukeun ku guru dumasar kana SKKD, nya éta ngeunaan kapahlawanan. Sabada topik ditangtukeun, siswa nyusun rarancang tulisan mangrupa poin-poin atawa poko-poko éséy.

##### (b) Élaborasi

Sabada tahap éksplorasi di mana siswa maluruh ciri-ciri jeung ngararancang éséy, dina ieu tahap siswa geus kudu mekarkeun éta rarancang jadi hiji tulisan nu gembleng nu nyoko kana aturan panulisan éséy sakumaha ciri-ciri nu geus dipipaham, kaasup aturan pamakéan basa, kohérénsi antar paragraf, jeung nyaluyukeun topik nu dipilih jeung topik atawa kaayaan nu keur lumangsung aktual.

Sabada siswa nulis éséy sacara gembleng (draf awal), siswa tuluy diperedih sangkan mariksa kasalahan léksikal nu aya dina tulisanana, hususna dina gejala hiperkorék jeung pléonasme. Ieu prosés téh minangka puseur kagiatan tina sakabéh runtuyan prosés kagiatan diajar-ngajar. Salila ieu prosés lumangsung, guru mibanda peran salaku *narasumber*, *fasilitator*, jeung *motivator* pikeun nerangkeun naon waé nu kaasup kana kasalahan léksikal.

##### (c) Konfirmasi

Dina ieu kagiatan, siswa medar hasil tulisanana nu geus diropéa di hareupeun kelas. Sajaba ti éta, siswa nepikeun naon waé kasalahan léksikal nu kapanggih salila prosés ngaropéa tadi. Dina ieu tahap ogé guru medar leuwih jero perkara kasalahan léksikal gejala hiperkorék jeung pléonasme.

c) Kegiatan Akhir

Kegiatan akhir tina tahap prosés nya éta siswa ngajawab soal-soal anu patali jeung éséy saméméh évaluasi ahir (postés) dilaksanakeun. Ieu hal diperlukeun pikeun ngeuyeuban kaweruh siswa ngeunaan éséy sacara gembler. Sajaba ti éta, siswa diperedih sangkan ngalarapkeun pangaweruhna ngeunaan kasalahan léksikal dina kahirupan sapopoéna, utamana dina basa tulis.

3) Tahap Évaluasi

Tahap évaluasi dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta évaluasi awal (pratés) jeung évaluasi ahir (postés).

a) Évaluasi Awal (Praté)

Praté nya éta évaluasi awal nu dilaksanakeun pikeun maluruh kamampuh awal siswa dina nulis éséy. Dina ieu tés, siswa diperedih nulis éséy kalawan topik nu geus ditangtukeun, topik kapahlawanan, tanpa dibéré heula *treatment* atawa pangajaran ngagunakeun modél CIRC. Hasil pratés dipeunteun tuluy hasilna dijadikeun peunten awal.

b) Évaluasi Akhir (Postés)

Postés nya éta évaluasi ahir nu dilaksanakeun pikeun maluruh kamampuh ahir siswa dina nulis éséy. Dina ieu tés, siswa nulis deui éséy kalawan topik anu sarua jeung postés sabada ngalaman *treatment* atawa pangajaran ngeunaan éséy jeung kasalahan léksikal nu ngagunakeun modél CIRC. Hasil postés dijadikeun peunteun ahir siswa nu satuluyna dibandingkeun jeung peunteun awal pikeun nangtukeun sakumaha parobahan kamampuh nu dialaman ku siswa.

Sacara gurat badag, léngkah-léngkah pangajaran kasalahan léksikal nulis éséy bisa diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Guru nangtukeun kelompok nu diwangun ku tilu nepi opat urang siswa sacara hétérogén, hartina guru ngabagi jumlah siswa nu aya kana 11 kelompok.
- 2) Guru méré wacana/téks éséy kalawan téma kapahlawanan pikeun dibaca ku tiap kelompok.

- 3) Siswa silih macakeun jeung nangtukeun ide poko tuluy méré pamadegan kana éta wacana/téks nu ditulis dina lembar jawaban, sajabana ti éta siswa nangtukeun kecap jeung kalimah anu kaasup kana gejala hiperkorék jeung pléonasmé.
- 4) Siswa macakeun hasil gawé kelompokna di hareupeun kelas.
- 5) Guru jeung siswa nyindekkeun ngeunaan éséy jeung kasalahan léksikal babarengan.
- 6) Guru macakeun kacindekan ngeunaan pasualan-pasualan anu mindeng karandapan ku siswa dina nulis éséy jeung ngeunaan kasalahan léksikal.

Salila pangajaran lumangsung, guru miboga peran salaku *fasilitator*, *motivator*, jeung *narasumber*. Hadéna, siswa dibarengan ku kamus salila ieu prosés lumangsung pikeun nangtukeun cara panulisan kekecapan Sunda nu bener, tapi lantaran kawatesanan ku alokasi waktu PBM, ahirna guru jadi sumber tunggal.

## 4.2 Kasalahan Léksikal dina Tulisan Éséy Siswa

### 4.2.1 Kasalahan Léksikal dina Tulisan Éséy Siswa Saméméh Ngagunakeun CIRC (Praté)

Kasalahan léksikal anu karandapan ku siswa dina nulis éséy saméméh ngagunakeun CIRC ébréh dina ieu tabél di handap.

Tabél 4.1 Data Kasalahan Léksikal Praté Siswa

No.	Data Kasalahan	Gejala		%
		H	P	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	akhirna (KDS/A5/1/5; KDS/A5/1/6; KDS/A7/3/5)	3		12%
2.	cerai jeung papisah (KDS/A5/1/2)		1	4%
3.	khusus (KDS/A1/3/2; KDS/A1/3/9; KDS/A3/4/3; KDS/A4/1/1; KDS/A4/2/1; KDS/A4/2/3/; KDS/A4/3/2)	7		28%

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
4.	loba kénéh barudak (KDS/A9/4/3)		1	4%
5.	ngabunuh Pa Otto jeung dibunuh di Tangerang (KDS/A7/3/5)		1	4%
6.	ngajaga bangsa ieu jeung ngamajukeun bangsa ieu (KDS/A7/5/2)		1	4%
7.	ngan dianggo kanggo maén game (KDS/A2/2/4)		1	4%
8.	para kaum istri (KDS/A3/1/4)		1	4%
9.	susulumputan ngagerilya (KDS/A11/1/1)		1	4%
10.	teu asal ngomong kamana-mana (KDS/A11/2/2)		1	4%
11.	tos seueur nu tos dilakukeun (KDS/A1/3/6)		1	4%
12.	yeun (KDS/A2/1/2; KDS/A2/2/4)	2		8%
13.	zaman (KDS/A4/1/2; KDS/A4/3/1; KDS/A4/3/2; KDS/A4/3/3)	4		16%
Jumlah		16	9	100%

Dumasar kana tabél di luhur, aya 13 rupa kasalahan léksikal dina tulisan ésésy siswa nu total karandapan 25 kali. Dina gejala hiperkorék, 16 kali siswa ngarandapan salah. Pola kasalahanana aya 2 (dua), nya éta; (a) /ft/ → /fr/ (foném tunggal jadi foném rangkep) jeung (b) /ft/ → /ft/ (foném tunggal jadi foném tunggal séjén).

1) Pola I: GH: /ft/-/fr/

Dina ieu pola, aya 2 (dua) subpola nu kapanggih, nya éta /h/ → /kh/ jeung /é/ → /eu/.

(a) Pola Ia: GH = /h/ → /kh/

Contona: (1) /ahirna/ → /akhirna/ (KDS/A5/1/5)

(3) /husus/ → /khusus/ (KDS/A1/3/2)

(b) Pola Ib: GH = /é/ → /eu/

Contona: (12) /yén/ → /yeun/ (KDS/A2/1/2)

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Ésésy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



2) Pola II: GH : /ft/ → /ft/

Pola II: GH : /j/ → /z/

Contona: (13) /jaman/ → /zaman/ (KDS/A4/1/2)

Ditilik tina kasalahan hiperkorék anu karandapan ku siswa di luhur, kamungkinan éta kasalahan téh alatan kurangna pangaweruh léksikon Sunda siswa atawa kapangaruhan tina basa Indonésia. Dua conto di luhur bisa ngabuktikeun yén pangaweruh léksikon basa Indonésia mangaruhan kana basa Sunda. Sajaba ti éta, bisa jadi siswa teu apal aturan nulis dina basa Sunda alatan can aya guru nu ngabéjaan nu sabenerna.

Demi dina gejala pléonasmé, aya 9 (salapan) kali siswa ngarandapan salah kalawan mibanda pola (a) sama'na safungsi jeung (b) sama'na.

1) Pola Sama'na Safungsi

Kasalahan gejala pléonasmé sama'na safungsi karandapan waktu aya kecap anu geus disebutkeun tuluy disebutkeun deui sanajan ma'na jeung fungsina sarua. Contona:

(a) (7) ngan dianggo kanggo maén game (KDS/A2/2/4)

(b) (11) tos seueur nu tos dilakukeun (KDS/A1/3/6)

Dina klausa *ngan dianggo kanggo maén game*, aya kecap *dianggo* jeung *kanggo* nu saéstuna éta kecap téh mibanda ma'na jeung fungsi nu sarua. Kitu ogé dina klausa *tos seueur nu tos dilakukeun*, aya kecap *tos* nu ditulis dua kali. Éta dua klausa saéstuna bisa dituliskeun dina wangun anu leuwih éféktif saperti ieu di handap:

(a) ngan dianggo maén game

atawa

ngan kanggo maén game

(b) tos seueur nu dilakukeun

atawa

seueur nu tos dilakukeun

2) Pola Sama'na

Dina ieu pola kasalahan, siswa nuliskeun kecap nu béda tapi mibanda ma'na nu sarua. Contona:

(a) (5) ngabunuh Pa Otto jeung dibunuh di Tangerang (KDS/A7/3/5)

(b) (9) susulumputan ngagerilya (KDS/A11/1/1)

Conto klausa kahiji, aya kecap 'ngabunuh' jeung 'dibunuh', tangtu ieu kekecapan téh ma'nana sarua nya éta ngaleungitkeun nyawa, sanajan nu hiji dina wangun aktif, séjénna dina wangun pasif. Kitu ogé din klausa 'susulumputan ngagerilya', ma'na kecap 'ngagerilya' téh nya éta perang ku cara susulumputan. Pamakaéan éta kekecapan dina klausa mémang teu ngabalukarkeun kasalahan nu matak bingung kanu maca, tapi tangtu leuwih hadé upama cukup salasihiji kecap waé nu dipaké pikeun kaéfektifan mah.

Dumasar kana dua pola kasalahan pléonasme siswa di luhur, aya dua hal kamungkinan nu ngabalukarkeun éta kasalahan, nya éta kurangna kompetensi basa jeung nu utamana nya éta kabiasaan nu geus ngabaju balukar tina performansi basa sapopoéna. Upama ku urang diténan, pohara performansi basa nu ngalaman gejala pléonasme, kayaning; 'naék ka luhur', 'turun ka handap', 'asup ka jero', 'najong maké suku', jsb, éta hal geus dianggap biasa atawa geus lain minangka kasalahan, antukna méré pangaruh nu gedé kana performansi basa tulis. Sakali deui, ieu gejala mémang lain kasalahan nu gedé, tapi geus sakuduna disingkahan utamana pikeun nu keur diajar basa.

#### 4.2.2 Kasalahan Léksikal dina Tulisan Éséy Siswa Sabada Ngagunakeun

##### CIRC (Postés)

Kasalahan léksikal anu karandapan ku siswa dina nulis éséy sabada ngagunakeun CIRC ébréh dina ieu tabél di handap.

Tabél 4.2 Data Kasalahan Léksikal Postés Siswa

No.	Data Kasalahan	Gejala		%
		H	P	
1.	heunte (KDS/B8/4/3)	1		25%
2.	janteun (KDS/B2/4/1)	1		25%
3.	khususna (KDS/B6/1/4)	1		25%
4.	salajeungna (KDS/B3/1/5)	1		25%
Jumlah		4		100%

Dumasar kana tabél di luhur, katitén yén kasalahan léksikal nu karandapan ku siswa téh geus nyaeutikan, nya éta ukur 4 (opat) rupa kasalahan nu séwang-séwang karandapan sakali. Pola kasalahanana masih sarua jeung saméméhna, nya éta /ft/ → /fr/, kalawan subpola; (a) /h/ → /kh/ jeung (b) /e/ → /eu/. Contona:

(a) Pola Ia: GH = /h/ → /kh/

Contona: (3) /hususna/ → /khususna/ (KDS/B6/1/4)

(b) Pola Ib: GH = /e/ → /eu/

Contona: (1) /henteu/ → /heunte/ (KDS/B8/4/3)

(2) /janten/ → /janteun/ (KDS/B2/4/1)

(4) /salajengna/ → /salajeungna/ (KDS/B3/1/5)

Ditilik tina kuantitas jeung kualitas kasalahan di luhur, bisa dihartikeun yén siswa geus ngarti kana kasalahan léksikal nu karandapan saméméhna, hususna dina gejala pléonasme, najan kitu, masih aya kasalahan nu sarua, nya éta ‘khususna’ (KDS/B6/1/4). Ieu kasalahan téh bisa jadi alatan siswa nu kurang tarapti dina waktu *editing* tulisan. Demi kasalahan séjénna mah minangka kasalahan anyar, ‘heunte (KDS/B8/4/3); janteun (KDS/B2/4/1); salajeungna (KDS/B3/1/5)’, ieu kasalahan ngabuktikeun kurangna pangaweruh basa Sunda para siswa utamana dina ngabédakeun foném vokal /é/, /e/, jeung /eu/.



### 4.3 Kamampuh Siswa dina Nulis Éséy

Dina ieu subbab, baris dipedar kamampuh siswa dina nulis éséy saméméh (pratés) jeung sabada (postés) *treatment* nu ngagunakeun modél pangajaran CIRC. Ieu kamampuh diwujudkeun dina wangun tabél nu némbongkeun peunteun sagemblengna tina nulis éséy dumasar kana instrumén penilaian nu geus ditangtukeun dina bab saméméhna pikeun nangtukeun signifikansi hasil diajar.

#### 4.3.1 Kamampuh Awal Siswa dina Nulis Éséy

Dina ieu subbab baris dipedar kamampuh awal siswa dina nulis éséy saméméh *treatment* (pratés). Kamampuh awal siswa sorangan baris dipedar dumasar kana indikator penilaian nu geus ditangtukeun saperti ieu di handap:

##### 1) Aktualisasi Topik

Dina perkara aktualisasi topik, jejer panalungtikan geus cukup paham, ieu kabuktian tina 11 jejer panalungtikan ukur sajejer nu kaasup kurang kamampuhna dina matalikeun topik jeung kajadian nu keur lumangsung di sabudeureunana. Saperti nu karandapan ku jejer panalungtikan nomer 10 di mana kurang matalikeun sajarah Déwi Sartika nu majoangkeun atikan jeung kaayaan pendidikan ayeuna. Henteu saperti jejer nomer 11 nu kalawan tapis bisa matalikeun antara ma'na sajarah Otto Iskandardinata nu bajuang nandangan Walanda ku cara diplomasi jeung siswa nu bajuang nyanghareupan UN ku cara niron. Demi jejer nomer 1 (hiji) mah kaasup sedeng kamampuhna dina matalikeun topik lantaran ukur matalikeun topik Muhammad Toha nu kurang diajénan ku pamaréntah jaman kiwari nu teu netepkeun anjeunna jadi pahlawan nasional.

##### 2) Téknik Mekarkeun Tulisan

Dina perkara mekarkeun rarangka tulisan jadi jadi tulisan nu gembleng, loba kénéh jejer panalungtikan nu kamampuhna kaasup sedeng kayaning jejer nomer 4 (opat) nu kohérénsi antar paragrafa hadé tapi teu dipungkas kalawan hadé. Demi jejer nomer 11 mah kaasup hadé dina mekarkeun tulisan di mana paragraf hiji nyaritakeun sajarah Otto Iskandardinata nu dipatalikeun jeung kaayaan jaman kiwari dina paragraf dua jeung mungkas ku kacindekan dina

**Aditya Ruganda, 2013**

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

paragraf katilu. Demi jejer nomer 5 (lima) mah kaasup kurang kamampuhna lantaran ukur aya dua paragraf di mana aya géjlog atawa kurang kohéren antar paragrafna.

### 3) Éjahan jeung Tanda Baca

Kamampuh ngalarapkeun éjahan jeung tanda baca nu dipibanda ku para jejer panalungtikan kaasup héngkér. Buktina, tina 11 jejer, ukur 5 (lima) jejer nu mibanda kamampuh sedeng dina ngalarapkeun éjahan jeung tanda baca saperti jejer nomer 3 (tilu), *“Jaman kiwari mah heunteu siga jaman dulu anu hoyong sakola teh kudu nyumput ti Walanda. Ayeuna mah urang bebas sakola di mana wae, jeung loba ogé sakola anu alus jadi urang nyaman mun keur diajar.”* Tina éta dua kalimah, katitén kamampuh jejer dina ngalarapkeun éjahan jeung tanda baca téh sedeng ku ayana kecap ‘heunteu’ nu salah panulisanana jeung tanda baca koma (,) nu teu merenah dina kalimah kaduana, “... di mana wae, jeung loba...” nu sakuduna mah teu kudu maké koma.

Demi jejer nomer 5 (lima) mah kaasup kurang kamampuhna dina ngalarapkeun éjahan jeung tanda baca, *“ku sabab Inggit teu hayang dimadu akhirna Inggit ngorbankeun cinta na ka Fatima anu di picinta ku Soekarno demi cinta na ka Soekarno.”* Tina éta conto geus katitén yén kamampuh ngalarapkeun éjahan jeung tanda baca jejer nomer 5 (lima) téh kurang di mana dina awal kalimah teu ngagunakeun hurup gedé, aya kecap ‘akhirna’ nu kuduna ‘ahirna’, ‘cinta na’ jeung “di picinta’ nu sabenerna kudu dihijikeun. Anu mibanda kamampuh nu hadé mah, nya éta jejer nomer 11, *“Pa Oto mindeng nyarita peureus ngiritik pamaréntahan Walanda bari ngébréhkeun pamadegan-pamadeganana ngeunaan Indonésia merdéka.”*

### 4) Kasalahan Léksikal

Dina perkara kasalahan léksikal, rata-rata kasalahan jejer kaasup sedeng lantaran 7 (tujuh) tina 11 jejer mibanda kamampuh nu sedeng saperti jejer nomer 3 (tilu) nu ukur 2 (dua) kali ngarandapan kasalahan léksikal dina kecap ‘khusus’ (KDS/A3/4/3) jeung para kaum istri (KDS/A3/1/4). Demi jejer nomer 4 (opat)

**Aditya Ruganda, 2013**

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

mah kaasup mindeng ngarandapan kasalahan léksikal, nya éta 8 (dalapan) kali; ‘khusus’ (KDS/A4/1/1; KDS/A4/2/1; KDS/A4/2/3; KDS/A4/3/2) jeung ‘zaman’ (KDS/A4/1/2; KDS/A4/3/1; KDS/A4/3/2; KDS/A4/3/3). Demi jejer nomer 6 (genep), 8 (dalapan), jeung 10 mah mibanda kamampuh nu hadé pisan dina kamampuh léksikalna lantaran teu ngarandapan kasalahan léksikal.

##### 5) Diksi

Dina kamampuh nyusun kalimah jeung milih kecap, rata-rata jejer téh mibanda kamampuh nu kurang, ukur jejer nomer 7 (tujuh) anu mibanda kamampuh sedeng, demi nu kamampuhna hadé mah dipibanda ku jejer nomer 8 (dalapan) jeung 11. Saperti jejer nomer 5 (lima), *“ku sabab Inggit teu hayang dimadu akhirna Inggit ngorbankeun cinta na ka Fatima anu di picinta ku Soekarno demi cinta na ka Soekarno.”* Éta conto kalimah téh sabenerna kompléks, tapi kompléks nu matak susah dibaca nu antukna susah dipipaham. Kitu ogé dina kekecapanana nu masih ngagunakeun tarjamah langsung tina basa Indonésia.

Demi nu kamampuhna sedeng mah saperti jejer nomer 7 (tujuh), *“Tina parjuangan jeung kahirupan pa Otto nu merjuangkeun kamerdekaan, urang tiasa nyandak hikmah sangkan pa Otto tos teu aya tapi sumanget jeung cita-cita téh kudu kenéh aya dina diri urang sadaya.”* Ieu kalimah saéstuna geus ngaguluyur jeung ma’nana gampang dicangking, tapi aya pamilihan kecap nu teu merenah saperti kecap ‘sangkan’ nu leuwih merenah upama ngagunakeun kecap ‘sanajan’. Jejer nu hadé dina nyusun mah salasihijina nya éta jejer nomer 8 (dalapan), *“Anjeunna kaasup pahlawan bangsa sabab anjeunna ngabdi ka nagara jeung masarakat anu digawé ngaleuwihan wates pancénna.”* Dina nyusun kalimahna geus ngaguluyur jeung pamilihan kecapna geus cukup luyu pikeun éséy.

Sacara gembleng, kamampuh awal siswa dina nulis éséy bisa diwujudkeun dina wangun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 4.3 Kamampuh Awal Siswa dina Nulis Éséy (Praté)

No.	Jejer Panalungtikan	Aspék anu dipeunteun					$\Sigma$	P	K
		AT	TM	ÉT	KL	D			
1.	1	4	3	2	4	2	15	60	Sedeng
2.	2	4	2	2	4	2	14	56	Sedeng
3.	3	4	3	3	3	2	15	60	Sedeng
4.	4	3	3	2	2	2	12	48	Sedeng
5.	5	4	2	2	3	2	13	52	Sedeng
6.	6	5	4	2	5	2	18	72	Alus
7.	7	3	3	3	4	3	16	64	Alus
8.	8	3	4	4	5	4	20	80	Alus
9.	9	3	2	2	4	2	13	52	Sedeng
10.	10	2	3	2	5	2	14	56	Sedeng
11.	11	5	4	4	4	4	21	84	Alus Pisan

Dumasar kana peunteun sagemblengna dina tabél di luhur, katitén ukur opat jejer panalungtikan nu dianggap alus, demi sésana sedeng dina nulis éséy tina 11 jejer panalungtikan nu aya. Ieu hal ngabuktikeun yén kamampuh nulis éséy siswa masih jauh tina pangharepan. Ku kituna, dibutuhkeun *treatment* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa.

#### 4.3.2 Kamampuh Ahir Siswa dina Nulis Éséy

Postés dilakukeun pikeun ngukur hasil diajar atawa *treatment* nu dilakukeun ku guru. Ieu hal tangtu penting pikeun ngukur nepi kamana parobahan nu dirandapan ku siswa dina kamampuh nulis éséy. Kamampuh ahir siswa (postés) baris dipedar saperti ieu di handap.

##### 1) Aktualisasi Topik

Dina kamampuh aktualisasi topik, katitén aya parobahan nu hadé nu karandapan ku para jejer panalungtikan nu geus kaasup sedeng, alus jeung alus pisan. Ngaronjatna ieu kamampuh katitén tina mampuhna para jejer matalikeun topik nu dumasar sajarah pahlawan nu ditulisna jeung kajadian nu keur

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



lumangsung di sabudeureunana. Saperti jejer nomer 2 (dua) nu bisa ngangkat carita ngeunaan Déwi Sartika waktu sagala kawatesanan mangsa harita; waragad, tanaga, waktu, jeung kawijakan, tetep bisa ngamumulé dunya atikan. Dipatalikeun jeung kaayaan jaman ayeuna nu patukang tonggong jeung jaman harita, di mana urang geus sagala bébas, téknologi geus maju, tapi ukur dipaké ulin.

Demi kamampuh sedeng masih karandapan ku jejer nomer 10 di mana topik anu dipilihna masih sarua jeung waktu pratés jeung teu mibanda kamekaran nu ngaronjat. Jejer nu mibanda kamampuh nu alus pisan dina aktualisasi topik nya éta jejer nomer 11. Dina tulisanana, ieu jejer medar sajarah Kusumah Atmaja, pajabat nu ngabéla rahayat, sabalikna jeung pajabat ayeuna nu leuwih mentingkeun dirina sorangan. Hukum dina mangsa Kusumah Atmaja

## 2) Téknik Mekarkeun Tulisan

Kamampuh mekarkeun tulisan geus kaasup sedeng jeung alus. Bubuka tulisan geus bisa ngirut nu maca. Saperti jejer nomer 6 (genep) nu muka tulisan ku cara ‘nyarita’ lain muka ku riwayat hirup tokoh pahlawanna. Ieu jejer ngangkat carita ngeunaan Pangéran Kornél nu kawentar ku kawanénna nyanghareupan Walanda waktu rodi dina ngawangun jalan ti Anyer-Panarukan di wewengkon nu ayeuna katelah Cadas Pangéran. Paragraf saterusna, dipatalikeun jeung kawanén jaman ayeuna nu geus salah harti, saperti wani tapi lobaan atawa tawuran nu dirandapan ku siswa SMAN 6 jeung 70 Jakarta.

Demi nu kamampuhna sedeng mah saperti jejer nomer 2 (dua). Ieu jejer muka tulisan ku nyaritakeun riwayat hirup Déwi Sartika, najan mukana ku cara nu geus ilahar, tapi tetep bisa ngirut. Sajaba ti éta, kohérénsi antra paragragpna kawilang cukup hadé, ngaguluyur silih patali.

## 3) Éjahan jeung Tanda Baca

Dina perkara éjahan jeung tanda baca, rata-rata jejer masih kurang jeung sedeng kamampuhna, ukur dua jejer nu mibanda kamampuh nu alus. Saperti jejer nomer 2 (dua), “*Mugi-Mugi nu tos maca ieu tulisan tiasa émut deui kanu sajarah nagara sorangan tong dugi hilap sareng urang kedah janteun sapertos Raden*

**Aditya Ruganda, 2013**

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



*Dewi Sartika anu tos méré sumangetna kanggo nagarana sorangan.*” Tina éta paragraf katitén pisan kamampuh éjahan ieu jejer, kecap ‘Mugi-Mugi’ nu di awal kalimat, kuduna ditulis ‘Mugi-mugi’, ‘janteun’ kuduna ‘janten’, jeung teu dipakéna tanda koma (,) nu matak ‘eungap’ kanu maca.

Jejer nu kamampuhna sedeng nya éta jejer nomer 4 (opat), “*Raden Dewi Sartika nyaéta salah sahiji tokoh nasional di widang pendidikan jeung pemberdayaan istri nu perjuanganana ngainspirasi jalmi-jalmi di Jawa Barat kanggo ngabangun sakola husus kanggo istri Dewi Sartika dijadikeun Pahlawan Nasional tanggal 1 Februari 1966 ku pamarentah.*” Ieu jejer geus cukup alus dina éjahan, ngan dina tanda baca masih ‘pelit’ tanda koma (,) jeung titik (.), antukna siga jejer nomer 2 (dua) di luhur nu ngabalukarkeun ‘eungap’ kanu maca.

Demi jejer nu mibanda kamampuh alus nya éta jejer nomer 11, “*Contona aya budak anu nyieun anti virus, dina waktos peluncuran éta antivirus mah siga anu enya pamaréntah badé ngadukung pikeun ngembangkeun jeung nyieun éta hak cipta. Tapina mana dugika ayeuna teu aya deui informasina.*” Kamampuh ieu jejer nulis di awal kalimah saéstuna geus hadé, tapi waktu nyambungkeun kana kalimah kadua kurang merenah, kuduna ku tanda koma (,) lain ku titik (.). Upama kalimah kadua rék mandeg mandiri, alusna kalimahna dirobah jadi, “*Tapina, mana bukti nyata pangrojong ti pamaréntah sabada éta acara? Ukur carita.*”

#### 4) Kasalahan Léksikal

Dina perkara kasalahan léksikal anu jadi puseur ieu panalungtikan, katitén kamampuh para jejer dina nyingkahan kasalahan léksikal geus alus. Tina 11 jejer, ukur 4 (opat) jejer nu masih ngarandapan salah léksikal. Saperti ‘heunte’ (KDS/B8/4/3) ku jejer nomer 8 (dalapan), ‘janteun’ (KDS/B2/4/1) ku jejer nomer 2 (dua), ‘khususna’ (KDS/B6/1/4) ku jejer nomer 6 (genep), jeung ‘salajeungna’ (KDS/B3/1/5) ku jejer nomer 3 (tilu). Ieu kasalahan saéstuna teu kudu kajadian deui lantaran geus diayakeun *treatment* pikeun ngungkulanana, tapi faktor kabiasaan jeung teu paham kana panulisan nu sakuduna masih jadi faktor nu ngabalukarkeun ieu kasalahan masih karandapan ku para jejer tadi.

## 5) Diksi

Pamilihan kecap jeung cara nyusun kalimah para jejer geus katitén ngaronjat, najan kitu ukur aya dua jejer nu kaasup alus mah. Saperti jejer nomer 11 nu kaasup alus, *“Kusumah Atmaja, salah sahiji pahlawan nu ngabéla kamerdékaan. Anjeunna tiasa jadi tuladan keur para abténar (pejabat). Anjeunna salilana mihak ka rahayat leutik nu bener lamun jaman ... mah seueur abtenar anu teu paduli ka rahayat leutik.”* Nyusun kalimahna geus alus, najan aya sababaraha kecap nu kurang merenah, *“...tuladan keur para abténar (pejabat).”* Kecap ‘keur’ bakal leuwih merenah upama ngagunakeun kecap ‘pikeun’.

Teu saperti jejer nomer 11 di luhur, jejer nomer 1 (hiji) mah mibanda kamampuh nu sedeng, *“Ngan cenah, Muhammad Toha teu diaku sacara resmi janten Pahlawan Nasional ku pamarentah. Sababna téh meuni teu asup diakal. Pamaréntah teu narima riwayat Muhammad Toha nu teu jelas. Cik atuh pamarentah téh kudu leuwih ngahargaan jasa pahlawan.”* Sacara diksi, geus karasa nyunda basana, tapi kalimahna nu komplek teu merenah ma'nana jeung kurang saluyu pikeun dilarapkeun dina basa tulis. Kalimah katilu teu logis, *“Pamaréntah teu narima riwayat Muhammad Toha nu teu jelas,”* Upama pamaréntah teu narima riwayat anu teu jelas, hartia pamaréntah narima riwayat anu jelas, ieu hal tangtu patukang tonggong jeung kalimah saméméhna. Kitu ogé sacara gembhengna, ieu basa merenahna pikeun basa lisan lain tinulis. Tapi, sanajan masih aya kakurang, kamampuh ieu jejer geus cukup alus pikeun ukuran siswa SMA kelas XII di Kota Bandung.

Sacara gembheng, kamampuh ahir siswa dina nulis éséy bisa diwujudkeun dina wangun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 4.4 Kamampuh Ahir Siswa dina Nulis Éséy (Postés)

No.	Jejer Panalungtikan	Aspék anu dipeunteun					$\Sigma$	P	K
		AT	TM	ÉT	KL	D			
1.	1	4	3	2	5	3	17	68	Alus
2.	2	4	3	3	4	3	17	68	Alus
3.	3	4	4	3	4	3	18	72	Alus
4.	4	4	3	3	5	3	18	72	Alus
5.	5	4	3	3	5	3	18	72	Alus
6.	6	5	4	3	4	3	19	76	Alus
7.	7	3	4	3	5	3	18	72	Alus
8.	8	3	4	4	4	4	19	76	Alus
9.	9	3	3	2	5	3	16	64	Alus
10.	10	3	3	3	5	3	17	68	Alus
11.	11	5	4	4	5	4	22	88	Alus Pisan

Dumasar kana tabél hasil postés di luhur, katitén yén kamampuh siswa dina nulis éséy téh ngaronjat. Dina pratés, ukur opat jejer nu dianggap alus nulis éséy, sabada *treatment* jadi sakabéh jejer kagolong alus. Najan kitu, masih aya jejer nu kagolong alus tapi peunteunna aya dina deukeut wates minimal, nya éta 64 ku jejer nomer 9 (salapan) di mana ieu peunten téh minangka peunteun panghandapna nu dicangking di antara para jejer séjénna.

#### 4.4 Tingkat Kamampuh Siswa dina Nulis Éséy

Parobahan tingkat kamampuh siswa dina nulis éséy bisa dititénan ngaliwatan parobahan peunteun sagemblengna antara pratés jeung postés - parobahan anu dipiharep tangtuna parobahan tina anu kurang alus jadi alus, najan kitu parobahan anu sabalikna susah disinglar. Ieu parobahan peunteun tuluy didistribusikeun kana tabél pikeun diuji tingkat parobahanana atawa ilahar disebut *Uji Gain (d)*. Tingkat parobahan kamampuh siswa bisa kagambar ngaliwatan ieu tabél di handap.

Tabél 4.5 Uji Gain (d).

No.	Jejer	Praté	Postés	Gain (d).
1.	1	60	68	+8
2.	2	56	68	+12
3.	3	60	72	+12
4.	4	48	72	+24
5.	5	52	72	+20
6.	6	72	76	+4
7.	7	64	72	+8
8.	8	80	76	-4
9.	9	52	64	+12
10.	10	56	68	+12
11.	11	84	88	+4
	N = 11	684 $\bar{X}_1 = 62,18$	796 $\bar{X}_2 = 72,36$	$\Sigma d = +112$

Sabada dilakukeun uji gain, dituluykeun kana tés signifikasi pikeun maluruh nepi ka mana ngaronjatna kamampuh siswa. Sajaba ti éta, ieu tés dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima-henteuna hipotésis. Ieu tés ngaliwatan sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun rataan tengah deviasi.

$$Md = \frac{112}{11} = 10,18$$

- 2) Nangtukeun deviasi tina hasil uji gain.

Tabél 4.6 Deviasi

Jejer	d	X <sub>d</sub> (d-Md)	X <sup>2</sup> <sub>d</sub>
1	+8	-2,18	4,5724
2	+12	1,82	3,3124
3	+12	1,82	3,3124
4	+24	13,82	176,3584
5	+20	9,82	96,4324
6	+4	-6,18	38,1924
7	+8	-2,18	4,5724
8	-4	-14,18	201,0724
9	+12	1,82	3,3124
10	+12	1,82	3,3124
11	+4	-6,18	38,1924
	Σd = +112		ΣX <sup>2</sup> <sub>d</sub> = 572,642

3) Tés Signifikasi.

$$\begin{aligned}
 t &= \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{N(N-1)}}} = \frac{10,18}{\sqrt{\frac{572,642}{11(11-1)}}} \\
 &= \frac{10,18}{\sqrt{\frac{572,642}{11 \times 10}}} \\
 &= \frac{10,18}{\sqrt{\frac{572,642}{110}}} \\
 &= \frac{10,18}{\sqrt{5,21}} \\
 &= \frac{10,18}{1,49} \\
 &= 6,83
 \end{aligned}$$



Dumasar kana hasil tés signifikasi di luhur nu dikonsultasikeun kana tabél peunteun  $t$ , bisa dicindekkeun yén béda hasil antara pratés jeung postés téh signifikan lantaran nilai  $t_{itung}$  (6,83) leuwih gedé tibatan  $t_{tabel}$  (3,17) ( $t_{itung} > t_{tabel}$ ) dina taraf signifikasi 99,5%. Ku kituna, hipotésis ditarima, hartina modél pangajaran CIRC téh éfektif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy siswa.

